



Pou Piblikasyon Imedya: 24/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DEDIKASYON PAK ETA EAST RIVER POU MILITAN DWA SIVIL LGBTQ MARSHA P. JOHNSON

Nan kad 75èm anivèsè li, Pak Eta Marsha P. Johnson vin premye Pak Eta nan New York ki onore moun LGBTQ ak Fanm Koulè transeksyèl

Eta a pral amelyore enstalasyon Park yo ak enstale atizay piblik k'ap selebre mouvman Marsha P. Johnson ak mouvman LGBTQ a - ki se pi gwo investisman nan Park la depi ouvèti li

Imaj yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse jodi a dedikasyon Pak Eta East River nan Brooklyn pou defen militan dwa sivil LGBTQ Marsha P. Johnson. Nan kad 75èm anivèsè li, Pak Eta Marsha P. Johnson (Marsha P. Johnson State Park) vin premye Pak Eta nan New York ki onore moun LGBTQ ak Fanm Koulè transeksyèl. Eta a pral amelyore enstalasyon pak yo epi enstale atizay piblik k'ap selebre lavi Johnson ak wòl li nan avansman dwa LGBTQ yo. Amelyorasyon yo reprezante pi gwo investisman nan pak la depi ouvèti li.

"Twò souvan, vwa ke yo eskli yo ki te pouse pwogrè nan New York ak nan tout peyi a parèt enkonni, ki jis reprezante yon fraksyon nan moniman ak memorayl piblik nou yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Marsha P. Johnson se te youn nan lidè pyonye mouvman LGBTQ a, e se sèlman kounye a l'ap resevwa rekonesans ke li merite. Dedye pak eta sa a li menm, ak enstale atizay piblik k'ap rakonte istwa li, pral asire memwa li yo ak travay li pandan li t'ap goumen pou egalite."

"New York se bèso mouvman dwa LGBTQ ak Revòlt Stonewall (Stonewall Uprising) lan plis pase 50 ane de sa", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Jodi a, nou dedye premye Pak Eta nan New York an rekonesans a yon ewo LGBTQ - Marsha P. Johnson. Pak Eta Marsha P. Johnson nan onore fanm koulè transeksyèl, ki te mennen batay pou egalite dwa ak jistis pou tout moun. Avèk pandemi COVID-19 la ak mouvman Black Lives Matter (Lavi Nwa yo Konte) a, kounye a plis pase anvan nou dwe kontinye batay pou egalite ak jistis rasyal LGBTQ nan sosyete nou an. Nou soti lwen ak pasaj GENDA ak legalize matènite sibstitisyon ki pa jenetik, men nou toujou gen plis travay pou fè pou konbat divizyon ak rayisans epi reyalize vre egalite pou tout moun."

Nan kad chanjman non an, Pak Eta te enstale premye faz atizay piblik la. Ekran nan antre kloti perimèt dekoratif la onore Marsha P. Johnson nan de lye enpòtan: Pòtay

prezansipal North 8th Street nan Kent Avenue, ak kwen North 7th Street ak Kent Avenue. Renome pou anbelisman tèt li ak flè kolore, desen an reflete stil ak koulè Marsha. Pak la mete siy entèpretasyon tou ki montre lavi Marsha a ak wòl li nan fè pwomosyon dwa LGBTQ ak tretman pou moun k'ap viv ak VIH/SIDA yo.

Amelyorasyon adisyonèl ki dwe konplete an ete 2021 enkli:

- Yon nouvo mezon pak/sant edikasyon: Etablisman pak piblik ki nesèsè anpil la pral akeyi espas salklas ki bay sou pak la, twalèt piblik, pòs kontak pou gad pak la ak yon ti zòn depo antretyen. Enstalasyon sa a ki mezire 1200 pye kare, ki konstwi an stil kontenè pou reflete istwa transpò fewovye a baj sou sit la, finanse an pati pa sibvansyon ki soti nan men Manm Asanble a Joseph Lentol ak manm Konsèy Vil New York Steve Levin.
- Yon instalasyon atizay Marsha P. Johnson: Yo pral enstale lòt materyèl travay atistik ak entèpretasyon k'ap selebre lavi Marsha P. Johnson, ansanm ak lòt materyèl sou mouvman LGBTQ a, sou de mi long fondasyon a pòtik istorik paralèl, ki kreye yon galri eksteryè natirèl. Pak Eta pral konsilte kominote LGBTQ nan Vil New York sou konsepsyon ak kontnin an.
- Amelyorasyon enfrastrikti nan tout park la pou refè sifas sal an beton laj yo men k'ap deteryore ki òganize Smorgasburg ak lòt evènman pak ak evènman kominotè yo, ajoute mèb pak ki pi byen reflete eritaj endistriyèl/komèsyal sit la, reyabilite mi pòtik yo ak amelyore sistèm jesyon dlo lapli yo.
- Anbelisman nan batiman depo ki egziste deja ak tretman mi eksteryè dekoratif ki kowòdone ak ekran kloti ak instalasyon Marsha P. Johnson lan.

Renome pou yon defansè fawouch pou dwa LGBTQ ak tretman VIH/SIDA, Marsha te yon lidè enpòtan nan Revòlt Stonewall lan an 1969 epi pita etabli yonabri nan Vil New York pou sipòte jèn LGBTQ ke fanmi yo te rejte yo. Li te fèt, 24 out 1945 e li te mouri an 1992 a 46 zan. Ankèt sou lanmò li an, ki te re-ouvri an 2012, rete san rezoud.

Li te yon manm fondatè Fwon Liberasyon Omoseksyèl (Gay Liberation Front), ak yon aktivis avèk ACT UP, epi li te ko-fondatè Street Transvestite Action Revolutionaries oswa STAR ansanm avèk Sylvia Rivera. Li te fèt nan New Jersey, Marsha te deplase ale nan Greenwich Village apre li te diplome nan lekòl segondè. Li te chanje difikilte ak lit li yo kont maladi mantal nan yon aktivis pou lòt yo, nan patisipe nan manifestasyon avèk ACT UP epi nan fè sansibilizasyon sou epidemi VIH/SIDA nan Vil New York.

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare, "Yon Pati nan misyon nou nan Pak Eta a se prezèvasyon eritaj istorik eta a yo epi fè pak nou yo akeyi tout vizitè yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo paske li pran mezi sa a pou kominote LGBTQ nou an".

Senatè Eta Brian Kavanaugh te deklare, "Pandan ke nou ka souvan panse a New York kòm yon kote ki aksepte tout kalite divèsite, toujou gen plis travay ki pou fèt, sitou pou moun koulè transeksyèl yo. Mwen kontan wè Pak Eta East River chanje non pou fè onè Marsha P. Johnson, ke yo sonje kòm yon lidè ak aktivis enklizif ki te chanje lavi epi ki te enspire anpil moun".

Manm Asanble Joseph Lentol te deklare, "Marsha P. Johnson te yon pyonye pou kominote LGBTQ a epi yo pa dwe janm bliye istwa li. Soti nan Revòlt Stonewall la ak odela, aktivis li te ede trase chemen an pou dwa egal pou kominote LGBTQ a. Chanje non Pak Eta East River a pou pote non li pral onore eritaj li epi rakonte istwa li pou jenerasyon k'ap vini yo".

Manm Konsèy Stephen Levin te deklare, "Gen dè milye moun ki vizite Pak nou yo nan North Brooklyn chak ane ki soti toupatou nan Brooklyn ak nan vil la. Espas ki ouvri yo se bijou pou nenpòt ki katye epi yo te itilize pou lwazi ak amizman pa moun ki soti nan tout orizon. Renome youn nan pak lokal nou yo pou pote non yon moun enfliyan e enpòtan nan istwa vil nou an ak batay pou egalite tout kote se yon onè. Marsha P Johnson te pase lavi li ap goumen pou LGBTQ + dwa ak pou pote diyite ak respè pou anpil Nouyòkè. Nouvo non ak planifikasyon amelyorasyon nan pak la pral montre angajman nou pou founi espas piblik klas mondyal pou tout moun".

Ansyen Pak Eta East River la, pak litoral 2.8 ekta ofri yon panorama anblematik nan orizon Manhattan lan ansanm ak yon plaj ki plen sab, yon preri orijinal, vestij nan yon vwa fewovye istorik, yon tèren jwèt ristik, yon pis kous pou chen, ak enstalasyon pou piknik.

Lib ak ouvè pou piblik la, pak litoral la se sit nan yon etablisman livrezon 19èm ak 20èm syèk. Gouvènè Cuomo te anonse plan pou chanje non pak la nan mwa fevriye a pandan yon diskou nan vil Nouyòk anvan Kanpay Dwa Zimen Greater New York Gala a.

Pak Eta Marsha P. Johnson se youn nan uit Pak Eta nan Vil New York. Biwo Pak Eta yo jere Pak Eta Bayswater Point ak Pak Eta Gantry Plaza nan Queens, Pak Eta Shirley Chisholm nan Brooklyn, Pak Eta Clay Pit Ponds nan Staten Island, Pak Eta Denny Farrell Riverbank ak Pak Eta FDR Four Freedoms nan Manhattan, ak Pak Eta Roberto Clemente nan Bronx.

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik nan Eta New York lan sipèvize plis pase 250 pak endividyèl, sit istorik, santye rekreyatif ak lansman bato yo, ki vizite pa 77 milyon moun chak ane. Resaman, yon etid inivèsite te jwenn ke depans State Parks yo ak vizitè yo fè rapòte 5 milya dola nan pwodiksyon ak lavant, sipòte 54,000 djòb nan sektè prive an, e plis pase 2.8 milya dola anplis pou PEB (an kreyòl, Pwodwi Enteryè Brit) Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele 518-474-0456 oswa vizite parks.ny.gov, konekte sou [Facebook](https://www.facebook.com/nyparks), oswa swiv nou sou [Twitter](https://twitter.com/nyparks).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)